

Yon lòt Ayiti posib : Kèk eleman refleksyon pou konstwi yon lòt sistèm

Samuel Pierre, Président de GRAHN-Monde

Lè mwen sot fè yon vwayaj ann Ayiti nan kòmansman mwa Out pase a, mwen te kapab mezire nivo degradasyon kondisyon politik, sosyal ak ekonomik nan peyi a, sitou apre evènman 6 ak 7 jiyè 2018 la ki sanble siprann anpil moun, akòz vyolans ak nivo dega evènman sa yo charye ak yo, men ki parèt pou anpil lòt yon revèy brital devan yon sitiyasyon deplorab pi plis sitwayen peyi a ap viv chak jou.

Anpil pawòl di, anpil koze ekri sou sitiyasyon ki pa kite endiferan okenn sitwayen, okenn obsèvatè, kit li ayisyen kit li etranje. Li pa nesèsè pou n' pèdi tan dekri sitiyasyon sa a. Yon kout rezime sifi pou drese tablo a : Lamizè k'ap vale teren pi plis toujou, inegalite sosyal ki pa sispann grandi (si nou baze sou endis « Gini », Ayiti se yonn nan peyi yo ki pi inegalite nan mond la), yon nasyon ki sou pant pou l' eklate, yon kòripsyon ki tounen fason moun dwe viv, yon enpinite ki fè lajistis pa egziste nan sosyete sa a, anyen pa anyen ak enpwovizasyon se pi bon filozofi pou moun gouvènè, rapò sosyal yo mennen nou nan epòk Mwayennaj, valè fondamantal yo pou moun viv ansanm fè piyay, mwen di sa yo sèlman. Tout sa yo mennen menm moun tèt yo pi dwat anndan peyi a nan yon dout sou kapasite fòm demokrasi nou an pou li ta pote bon jan remèd pou kòkennchenn maladi k'ap fini ak peyi d'Ayiti.

Sistèm sa a fin fè tan li donk fòk gen yon lòt ki ranplase li

Fòk nou bay sa k' te pase nan kòmansman mwa jiyè a vrè non li ki se yon soulèvman kont pouvwa anplas la, se yon revòlt. Anpil moun di se te yon aksyon sanzatan e gen lòt tou ki di se te yon aksyon planifye. Kèlkeswa bò ou kanpe a pou eksplike evènman sa yo, fòk nou tout dakò se te yon zak grav ki te pase nan peyi a, ki sanble etranjman (ak etònman) ak yon krazekitesa nan rapò ki te ini nou, nan poze nou gwo kesyon sou sistèm sa a k'ap ogmante chak jou ak kantite ayisyen ki fache ak sa ki abandone yo, anpil anpil moun ki koupefache ak sistèm nan ki pa mennen nou nan wout pwogrè sosyal, yon lavi miyò pou tout moun ak devlopman ekonomik peyi a. Yon sistèm ki pa pwoteje sitwayen peyi a. Nou twouve nou nan yon sistèm ki pa kapab rapistole (brikole) ni makiye pou ta kache feblès ak malpwòpte li yo. Anpil kri adwat agoch nan sosyete a pou mande yon lòt sistèm ki kapab garanti lapè nan sosyete a, yon Leta k'ap defann dwa tout moun, k'ap bay jistis nan sosyete a, k'ap pote amelyorasyon nan kondisyon lavi moun, sa, nan tout kote nan peyi a ak tout sitwayen yo.

San nou pa simen baton sou pwòp tèt nou, sitiyasyon n'ap evolye ladan an depi pou pipiti 30 dènye lane yo ranfòse lakay jenerasyon nou yo santiman ki konstate yon echèk kolektif, menm si gen anpil grenn moun ki reyisi pou kò yo anndan tankou andeyò peyi a. Konsta echèk sa a ta dwe fòse nou desann byen ba nan « tèt ansanm » ak objèktif pou nou tante twouve yon wout kòm pèp pou nou kapab trase yon avni miyò pou jenerasyon k'ap vini yo. Antouka, depi de (2) syèk n'ap chèche wout nou, nou pa janm twouve li. Anpil milyon sitwayen lage pou kont yo e anpil ap ogmante chak jou pi plis, reyalite sa a kreye yon fòm konpòtman ki fè nou refize jwe wòl sitwayen nou ki fè nou voye jete pwòp deviz nou ki se : « Libète, egalite, fwatènite ». Alò, de ki « libète » n'ap pale lè gran majorite a konnen difikilte pou satisfè bezwen baz yo tankou : (manje, dòmi, bwè, edike tèt nou, bay tèt nou swen lasante, travay) ? Sa mo « egalite a » vle di lè lalwa se pa yon sèl pou tout moun, lè jistis la al jwenn moun ki ofri plis la, lè moun ki gen pouvwa politik ak ekonomik yo fè plan epi kreye règ jwèt la epi lwa selon mezi yo vle pou yo kapab benefisye avantaj ak privilèj nan move kondisyon? Èske nou kapab pale de « fwatènite » lè yon ti gwoup zuit genyen nan men yo san yo pa pataje ak gran majorite a richès peyi a, kite nan mizè ki pa fèt pou moun yon pakèt sitwayen k'ap ogmante chak jou nan meprize santiman solidarite sosyal ki ta dwe sèvi kòm siman pou reyini ak kè kontan tout sosyete a?

Engredyan pou kreye yon lòt sistèm

Kreye yon lòt sistèm, se tavay achitèk sosyal yo, moun k'ap bati. An reyalite, pa manke moun ki di y'ap bati nasyon an nan sans pou Ayiti soti nan sitiyasyon difisil li jwenn li a e jodi a y'ap kritike a. Se sa kesyon an: moun ki kapab imajine, kreye, planifye, jwenn materyo n'ap bezwen pou bati yon lòt sistèm ki kapab pote pwogrès sosyal, lavi miyò an jeneral ak devlopman global. Kelkeswa sa ou kapab di, peyi a chaje ak moun ki angaje yo nan pran gwo inisyativ ak gwo aksyon men ki pa fè bwi. Fòk nou mete jefò sa yo ansanm pou fòme yon rezo ki dwe jwenn apui, ranfòsman, fè pwomosyon pou yo epi prezante yo bay piblik la pou yo kapab enspire lòt gwoup moun k'ap chèche envèsti nan sa ki bon, ki byen epi ki bèl. Pou montre tou moun ki pa fin kwè nan posiblite pou nou fè yon lòt bagay nan tèt kole ak posiblite pou fwatènite a pa tounen yon tonton nwèl nan peyi d'Ayiti. Nou pa pral bezwen kòmanse a zewo !

Pou nou konprann viretounen sa a pou nou genyen yon lòt Ayiti, fòk nou gade ankò deviz nou an : « Libète, egalite, fwatènite » epi bay li tout atansyon li merite, mete li nan aksyon toutbonvre. Se ta dwe kòmanse aksepte reyalite yo jan yo ye a (anplis règ dwa yo) nan prensip egalite pou tout ayisyen, san nou pa konsidere laj yo, nan ki anviwònman sosyal yo soti, ki kote yo rete, ki koulè po yo, eks... Sa ta kapab mennen nou konstwi yon kominote ki gen avni li fonde nan san paspouki, nan pataj sitwayèn. Tout sa yo dwe kreye yon Leta ki respèkte dwa moun : dwa nan lajisitis (lite kont enpinite), dwa pou genyen sekirite, dwa pou genyen bon jan edikasyon, dwa pou genyen lasante, dwa pou

moun travay. Sa vle di tou yon angajman pou tout moun – endividi yo ak antrepriz yo – pou yo pran rèsponsablite sitwayèn yo, pa egzanp nan rèspektè san paspouki lalwa ak peye taks (enpo) pa yo. Nosyon egalite sa a dwe reyèl nan yon Leta k’ap defann enterè jeneral epi k’ap fè pwomosyon pou byen tout moun. Yon Leta ki bay bon egzanp, ki pa vòlè, ki rèspektè byen ak lajan Leta, ki adòpte yo fason senp pou li fonksyone, ki montre li genyen jistis nan distribisyon lajan bidjè a nan tout dis (10) depatman peyi a ak diferan sèktè lavi nasyonal la (yon bidjè sante ki reprezante 5 % nan bidjè global la montre yon mank atansyon Leta bay fòs peyi a (ki se moun). Yon Leta ki reklame plis angajman sosyal sitwayen yo ki anndan ak andeyò peyi a pou fè travay nasyon an ki pa gen mwayen pou peye etranje. Yon Leta ki rèspektè lalwa pandan l’ap konsidere : « Pèsonn pa sou tèt lalwa », ki divòse ak enpinite. Yon Leta k’ap defann ak konpetans e entegrite enterè peyi a nan relasyon entènasyonal yo, ankò fòk tout moun konprann enterè sa yo. Yon Leta ki jwenn bon jan estrateji pou kreye bon jan kondisyon pou devlope biznis, ki konbat monopòl nan favorize konkirans lib sou mache a, ki akonpaye antreprenè sosyal ak ekonomik yo k’ap kreye anpil valè ak richès. Yon Leta ki fè kreyasyon anlwa priyorite li nan aksyon pou li konbat chomaj epi pèmèt tout ayisyen yo viv ak diyite. Yon Leta ki plase li anwo gwoup enterè grenn moun pou li kapab jwe wòl li kòm abit ak defansè enterè jeneral la. Yon Leta ki wè nesite pou li vire bò sèvis sitwayen yo olye li konsidere dispozitif k’ap mande anpil lajan nan bidjè a epi ki pa kontribye vre nan pwogrès sosyal, nan lavi miyò pou tout moun ak devlopman.

Se « Alexis de Tocqueville » ki te di : « Veiller au bien-être du voisin d’en face n’est pas seulement bon pour l’âme. C’est aussi bon pour les affaires » (cité dans [1]). Nou tradui li konsa : « Genyen enterè nan lavi miyò vwazen anfas la pa sèlman bon pou moun nan. Li bon tou pou biznis yo ». Epi « Joseph E. Stiglitz », Pri Nobèl ekonomi e ekonomis an chèf nan Bank Mondyal di tou [2] « Les riches ne vivent pas sous vide. Ils ont besoin d’avoir autour d’eux une société qui fonctionne pour maintenir leur position ». Nou tradui li konsa : « Rich yo p’ap viv nan yon espas vid. Yo bezwen bò kote yo yon sosyete k’ap fonksyone pou yo toujou rete nan pozisyon pa yo ».

Egalite sa a y’ap pale a pa poze sèlman nan mo ki kòrèk nan domèn Dwa. Se yon kesyon ki trete tou gwo nosyon nan zafè ekonomi an rapò ak inegalite sosyal yo. Ebyen, selon “Fonds Monétaire international” (Fon Monetè entènasyonal), peyi yo ki pi egalite yo bay pi bon rezilta: yo gen yon kwasans ki pi fò epi ki pi estab. Toujou selon “Stiglitz” [3] « Nulle part la confiance n’est plus importante qu’en politique et dans la vie publique. C’est un domaine où il nous faut agir ensemble. Il est plus facile de mener une action commune quand la plupart des acteurs sont dans des situations semblables – quand nous trouvons presque tous, sinon sur le même bateau, du moins dans des embarcations de taille assez proche ». Cohésion sociale oblige! Aussi, constate-t-il que : « la hausse de l’inégalité s’alimente elle-même en érodant notre système politique et notre mode de gouvernement démocratique » [4]. Nou tradui li konsa : « Pa genyen okenn kote

konfyans pi enpòtan pase nan politik ak nan lavi piblik. Se yon domèn kote nou dwe aji ansanm. Li pi fasil pou fè aksyon ansanm kan pa mal aktè yo nan sitiyasyon ki sanble – kan prèske nou tout, si nou pa nan menm bato, men omwen nou nan anbakasyon ki prèske menm gwosè » Kowòdinasyon sosyete a oblije – Li konstate tou : « ogmantasyon inegalite a pran jarèt nan fonksyonman l’ menm lè « egalite a ap ogmante plis toujou anndan l’ menm lè l’ap degrade pitipiti politik ak mòd gouvènman demokratik nou an ».

Plas demokrasi a nan lòt sistèm nan

Se nan konsiderasyon dènye lide « Stiglitz » la kòm referans nou kapab eksplike pi byen gwo dezafas ki genyen nan demokrasi nan peyi d’Ayiti, se ak gwo batay apre plizyè deseni (10 lane) kote rejim otorite yo t’ap ferye, fòk nou sonje – Nèg sa yo pa t’ kondui peyi a nan devlopman ekonomik ni nan lavi miyò pou popilasyon an, e se sa yon reyalite grav epi y’ap eseye kamoufle sa pou moun pa choke (se efemis yo ye). Pi plis ankò, sitiyasyon sa a n’ap kritike jodi a se konsekans dirèk yon long diktati ki pa te eklere ni pwogresis, men ki kite gwo tras li nan popilasyon yo k’ap viv nan gwo mizè, kit nan gran vil yo kit nan rejyon riral peyi a.

Souvni mwen genyen lè mwen te adolesan (jèn), se sa ki sanble ak lòd ki fèt ak pi gwo represyon, vyolasyon sistematik dwa moun, yon sistèm privilèj ak paspouki ki te detwi prensip menm egalite ant sitwayen yo, san konte anpil ka اساسina pou rezon politik. Lalwa pa te yon sèl pou tout moun, li te aplike lwa a ak diferans : si ou pwòch pouvwa a oubyen si ou yon senp sitwayen. Yon veritab sistèm « de pwa de mezi ». Libète pou moun di sa yo vle ak pou òganize reyinyon se te yon gwo privilèj peyi a pa t’ kapab sipòte, sitiyasyon sa a te ankouraje jèn yo ki pa t’ gen libète te oblije yo kite peyi a pou yo te kapab evolye. Sila yo ki te pati pou yon ti bout tan nan lide pou kite move van yo pase ebyen sa te transfòme an moun k’ap depeyize pa bann ak pa pakèt e sèvo sa yo pa t’ gen chans tounen, nan yon sans se sitiyasyon sa a ki rèsponsab tout tèt chaje n’ap viv jodi a.

Se vre tou, pawòl demokrasi n’ap eksperimente jodi a sòlve tou anpil kesyon. Paske demokrasi, menm si li ta byen aplike, genyen anndan li menm limit li yo. Nan ka peyi d’Ayiti, demokrasi k’ap pratike ladan l’ nan mennen nou poze tèt nou kesyon sou abi libète pawòl ak aksyon nan je lalwa ak dwa moun, sou transparans pwosedi pou egzèsè pouvwa nan tout nivo, sou rasyonnalite ak transparans chwa kandida yo nan pòs elektif yo, sou fèb kantite sitwayen ki patisipe nan eleksyon nasyonal ak lokal yo, sou rapò ki konsène moun ki te pase nan eleksyon sa yo lè yo t’ap egzèsè pouvwa yo te genyen an. Malgre tout mankman sa yo, demokrasi kòm zouti apwopriye pou byen òganize yon sosyete rete pi bon pami tout lòt sistèm yo. Se sila a ki ta kapab pèmèt nou rive toutbonvre nan ideyal sa yo ki se : « libète, egalite, fwatènite » ki se deviz pa nou. Sa ki rete pou fè, se pou nou defini ansanm fòm demokrasi ki apwopriye ak reyalite kiltirèl,

sosyolojik ak politik nou, epi aplike fòm sa a nan tout enstitisyon k'ap kapab fè li fonksyone.

Plizyè moun k'ap reflechi panche sou kesyon demokrasi a ak distribisyon pouvwa. Nan sijè sa a, matematisyen ak filozòf nan peyi Ekòs ki rele « Bertrand Russell », Pri Nobèl literati te ekri [5] : « Ramenée à l'essentiel, la démocratie est l'idéal de diffuser le pouvoir parmi tout le peuple afin de prévenir les maux qu'engendre le fait de concentrer tant de pouvoir dans les mains d'une seule personne. Mais, cette définition du pouvoir n'est efficace que si les électeurs s'intéressent à ce qui est en jeu ». Nou tradui li konsa : « Lè nou konsidere sa ki pi enpòtan an, demokrasi a se yon ideyal pou distribye pouvwa pami tout pèp la nan lide pou fè prevansyon pwoblèm ki kapab genyen lè ou ta remèt yon sèl moun tout pakèt pouvwa sa a. Men, definisyon pouvwa sa a p'ap bay rezilta si elektè yo pa ta rèspektè règ jwèt la ». « Russell » mande nou tou pou nou pa rantre nan eksè (tirani) majorite a pou n' pa ta konsidere aspirasyon gwoup minorite yo, k'ap viv nan popilasyon yo ak nan zòn ki ta genyen pwòp aspirasyon pa yo. Se sou baz panse sa a li te mennen yon gwo pwosè an favè desantralizasyon ak gouvènman lokal yo : « Il est de la plus haute importance que sur les questions à propos desquelles l'uniformité de point de vue n'est pas absolument nécessaire, la majorité s'abstienne d'imposer sa volonté » [6]. Nou tradui li konsa : « Li pi enpòtan pou majorite a pa oblije fè volonte li pase menm lè nan lide pou fè diferan kesyon yo tounen yon sèl pa t'ava twò nesèsè » [6].

Men ki demokrasi?

Refleksyon sa yo kite nou kwè nouvo sistèm nan ta dwe fonde sou yon demokrasi fonksyonèl, desantralize, ki chita sou enstitisyon ki fò nan yon kantite konsansis sosyal k'ap rann peyi a gouvènab pou yon bon tan. Yon demokrasi ki pa limite ak eleksyon chak peryòd pafwa ki pa lib ni jis. Men yon veritab demokrasi fonksyonèl fonde sou chwa ak ranplasman gouvènman ak eleksyon lib, ekritab, patisipasyon sitwayen yo tout bon vre nan lavi politik ak sivil, pwoteksyon dwa tout moun, Leta dwa kote lalwa ak pwosedi yo aplike pou tout sitwayen. Yon demokrasi ki rann posib egzèsis pou soti nan mizè. Yon demokrasi ki fè egalite a tounen yon reyalite devan lalwa epi ki sèvi baz pou lite kont inegalite sosyal, politik ak ekonomik yo. Yon demokrasi ki favorize lib antrepriz nan rèspektè lalwa ak nan pwoteksyon reyèl dwa pwopriyete.

Pa gen bon kay san bon materyo

Konstwi yon lòt sistèm, bati yon lòt nasyon, reyalize yon lòt Ayiti, egzije yon vizyon klè e pataje ak lòt moun sa lòt edifis nasyonal la dwe ye. Sa nesèsite avan tout bagay yon plan. Men, menm si plan an ta ekstrawòdinè, p'ap kapab genyen yon edifis ki reziste kont move tan si li ta bati ak move materyo, ki pa rezistan, ki pa fyab, ki pa dirab. Nan ka yon

nasyon, prensipal materyo se sitwayen yo ki dwe rantre nan fon konsyans yo ideyal yo, valè yo, aspirasyon yo ak enstitisyon yo. Èske yo pa toujou di se ak demokrat yo fè demokrasi? Donk, se ak sitwayen byen fòme ak libète, jistis, limanite n'ap kapab fòme yon nasyon libète, egalite, fwatènite. Se ak sitwayen onèt ki pwofese lakay yo jistis, ekite, nou kapab kreye yon sistèm jistis pou mennen Leta dwa a. Se ak sitwayen ki gen sans lonè, ki respèkte pawòl yo di, n'ap kapab konstwi yon sistèm ekonomik ak sosyal baze sou konfyans k'ap kreye pwosperite pou tout moun.

Pou nou kapab rive la, fòk nou aji sou sistèm nou an ak sou kilti pa nou, ki se mouf yo itilize souvan pou fòje sitwayen yo nan sosyete a. Fòk nou gen yon sistèm edikatif ki transmèt lòt valè nan responsablite sitwayèn ak entegrite pèsònèl, nan fè pwomosyon pou etik mwayen yo sans pou lafen pa jistifye mwayen yo. Yon etik mwayen ki pa dakò ak lide sa a: « Degaje pa peche ». Yon etik piblik ki kondane reyisit nan eksplwate lòt moun ak règ ki etabli yo. Yon etik reyisit ki sanksyone moun ki vle fè tèt yo pase pou entèlijan nan move aksyon pou yo kapab reyalize objektif pa yo. Yon etik sitwayèn ki aprann respèkte règ jwèt etabli yo olye pou yo chèche ak tout kalite mwayen pou yo rive nan sa yo bezwen an.

Nan yon moman kote yon pati nan opinyon piblik la ap pale anpil sou refòm konstitisyon an, kesyon ki sot soulve yo genyen yon enpòtans kapital. Alò, èske se paske konstitisyon yo pa bon ki fè yo vyole yo, oubyen paske nou genyen abitud pou vyole règ ki etabli ki fè nou vyole konstitisyon yo tou? N'ap twouve repons la nan machin nou an ki la pou fabrike sitwayen pou nasyon an : Sistèm edikatif nou an. Ann mete nou sou travay pou nou twouve wout pou yon demen miyò pou jenerasyon jodi a ak demen yo, se sa ki te toujou gide e k'ap gide ankò aksyon « Gwoup Refleksyon ak Aksyon pou yon Nouvèl Ayiti » (GRAHN).

Referans

[1] J.E. Stiglitz, La grande fracture : les sociétés inégalitaires et ce que nous pouvons faire pour les changer, Éditions Les liens qui libèrent, 2015, page 124.

[2] Ibid., page 126

[3] Ibid., page 133

[4] Ibid., page 153

[5] B. Russell, Idéaux politiques, Éditions Écosociété, Montréal, 2016, page 66

[6] Ibid., page 67

Remerciements

Je remercie Samuel Eugène, étudiant de doctorat en sciences de l'éducation à l'Institut des sciences, des technologies et des études avancées d'Haïti – ISTEAH-Cap-Haïtien, qui a entrepris la traduction en créole du texte original intitulé : « Une Haïti nouvelle est possible : Quelques éléments de réflexion ».